

SOAL ASAT BAHASA SUNDA KELAS 5 TEMESTER 2 TAHUN 2024

Pilih Salah sahiji Jawaban anu dianggap paling bener!

PRIANGAN

Tuh tuh di langit warna warni katumbiri
Endah duh endah matak asri nu ningali
Tuh tuh di gunung keur gempur sariak layung
Endah duh endah priangan lemah nu endah

Di lamping pasir nu subur di lembur singkur
Patani jongjon tatanen ngawelah sawah
Parahu maju duh maju jeung lambak udag udagan
Pamayang ngangkling di laut di laut angkleung angklengan

1. Kaendahan anu dicaritaken dina kakawihan di luhur nyaeta
 - A. Lembur singkur
 - B. Pakotaan
 - C. Priangan
 - D. Patani tatanen
2. Kalimah dwi murni di handap ieu nu di wangun ku rarangken ku – an nu bener nyaeta
 - A. Tong sok ambek ambekan bisi kaburu kolot
 - B. Hayu sapuan buruan teh
 - C. Budak eta mah sok resep bunta bantu
 - D. Siti resepna pangkuan wae ka adina
3. Di handap ieu nu kaasup kalimah anu ngandung kecap rajekan dwipurwa nyaeta
 - A. Asih jeng Ani keur ulin anjang anjangan
 - B. Sangeus ngadenge sora anu tulung tulungan Masyarakat daratang rek nulungan nu kahuruan.
 - C. Jang Anda mah sok resep babantu di bumi Pak Lurah.
 - D. Abong loba duit gawena ngan indit inditan wae.
4. Asup sakola teh tabuh 07.00 wanci
 - A. Sariak layung
 - B. Balebat
 - C. Tumorek
 - D. Murag ciibun



5. Ngaran pakasaban anu saluyu jeung gambar nyaeta
- A. Tatantara anu lulusan Sakola AKABRI
 - B. Pilot anu sok nyetiran kapal udara
 - C. Pamayang anu sok nyetiran kapal laut
 - D. Supir anu sok nyetiran mobil

TINA JANDELA

Ningali amparan sawah
aya nu guligah
rasa nyaah
nu tadina bumetah dina manah
ayena pinuh amarah
naha atuh sawah teh bet jadi tempat runtah
ci herang teh salin jenis jadi limbah
soke mut jaman nini jumeneng
cenah sawah teh caina ngagenclang herang
ningali amparan sawah
ningali hate nu robah.

6. Dina sajak diluhur panyajak nulisen kayaan anu di tempona, jeng ngabandingkeun kayaan bahela jeung kaayaan ayena. Rasa nu robah dina manah panyajak anu saluyu nyaeta
- A. Ningali amarah
 - B. Ningali hate nu robah
 - C. Tadina bumetah ayena jadi amarah
 - D. Ningali amparan sawah aya rasa nyaah
7. Lantaran jadi puser pamarentahan, tangtu bae Bandung teh jadi ... nu pangramena di tatar sunda. Kecap nu saluyu piken ngeusian kalimah di luhur nyaeta
- A. Lamping
 - B. Dayeuh
 - C. Lembur
 - D. Tanjung
8. Cimanuk ngaran ... nu pangpanjangna di Jawa Barat. Kecap anu merenah piken ngalengkepan kalimah di luhur nyaeta
- A. Basisir
 - B. Lamping
 - C. Pasir
 - D. Tanjung
9. Kecap lega amu ditambahan rarangken Tengah "ar" jadim
- A. Lalega
 - B. Larega
 - C. Salega
 - D. Dalega

10. Ngarojay asal kecap na tina

- A. Arojay
- B. Oojayan
- C. Ngojay
- D. Arojay



11. Kadahar di luhur ngarah heunteu kadeseh ku kadahar sejen cara nu paling tepat ngajagana nyaeta

- A. Kudu unggal poe dijieun ngarah teu lengit di pasar
- B. Kudu ngalakukuen parobahan jeung inovasi sangkan teu katinggalen jaman.
- C. Kudu loba didagangken unggal poe supaya batur arapalen kana oncom
- D. Kudu di bikeunan ka batur sina ngasaan unggal poe supaya jadi resep.



12. Ngaran kadaharan anu saluyu jeung gambar di luhur nyaeta

- A. Sayur Asem
- B. Sayur sop
- C. Sayur lodeh
- D. Sayur jagong

13. Kembang ... keur mejeuhna mangkak di buruan.

- A. Kacang Panjang
- B. Kaca piring
- C. Lidah buaya
- D. Amis cau

14. Kadaharan di handap ieu anu ngalaman fermentasi dina proses dijieuna nyaeta ...

- A. Kiripik
- B. Bolu
- C. Tahu
- D. Tempe

15. Sisindiran

.....

Amaeh jadi kuat urat

Sing getol neangan elmu

Gunan dunya akherat

Kalimah sampiran nu saluyu pikeun ngesieun sisindiran di luhur nyaeta

- A. Sing getol nyiar sumur
- B. Sing getol nyiar sangu
- C. Sing getol nyiar tamu
- D. Sing getol nyiar jamu



16. Paristiwa alam anu saluyu jeung gambar nyaeta

- A. Kahuruan
- B. Gempa
- C. Halodo
- D. Banjir

17. Imah oyag sok aya nu nepi ka runtuh, kabeh lalumpatan kaluar muru nu lega, paristiwa di luhur nyaeta

- A. lini
- B. hujan angin
- C. tsunami
- D. gunung bitu

18. caah di walungan beulah hilir lantaran hujan di girang.

Paristiwa kajadian alam di luhur nyaeta

- A. Katiga
- B. Tsunami
- C. Caah deng deng
- D. Angin puyuh

19. Urang sok neyebut teteh sabab

- A. Umurna sahandapen urang awewe
- B. Umurna saluhuren urang lalaki
- C. Adi indung atawa bapak urang awewe
- D. Umurna saluhuren urang awewe



20. Sebutan nu luyu jeung gambar di luhur nyaeta....

- A. Ua
- B. Bibi
- C. Nini
- D. lanceuk